



# Education Network

***UP Academy Boston***

*Manyèl Edikasyon espesyal*

2019 - 2020

## **Misyon**

Rezo Edikasyon UP pral asire elèv li yo jwenn konesans, ladrès, ak fòs karaktè ki nesèsè pou yo reyisi nan wout inivèsite a epi akonpli tout potansyèl yo.

UP detèmine pou l bay yon ekselan edikasyon endividyalize a tout elèv ki andikape yo

Tout elèv yo resevwa yon edikasyon espesyal nan yon lekòl UP, kèlkeswa plasman an, yo gen menm opòtinite pou patisipe, si l apwopriye, resevwa kredi pou sèvis pwofesyonèl yo, sipò, oswa ratrapaj ki ka disponib kòm yon pati nan pwogram edikasyon jeneral la menm jan ak non-akademik ak pwogram paraskolè lekòl la.

## **Sa nou kwè**

- Nou kwè tout elèv yo ka atenn tout potansyèl yo ak gwo atant, yon pwogram lojik ki baze sou nòm eta a, ak bonjan soutyen.
- Nou kwè l enpòtan pou n bay elèv yo opòtinite pou yo enkli ak kamarad edikasyon jeneral yo.
- Nou kwè nan itilizasyon done pou suiv pwogrè elèv yo epi enfòme desizyon pedagogik nou an.
- Nou kwè nan kolaborasyon kontinyèl ant edikatè jeneral yo ak edikatè espesyal yo, pou elèv yo ka gen yon pwogram akademik ki solid ki baze sou nòm leta yo.
- Nou kwè nan desine pwogram edikasyon endividyalize nan yon sèvis ki minimize enpak sou andikap elèv la epi reponn ak bezwen edikasyon chak elèv. Nou pa kwè nan etikèt.

## **Deskripsyon Manyèl la**

Manyèl sa sèvi kòm yon resous pou fanmi elèv la ki asiste nan UP Academy Boston. Li fèt pou bay fanmi yo enfòmasyon yo bezwen pou konprann pwogram ki disponib pou elèv ki gen andikap yo an konfòmite ak lwa leta ak lwa federal la. Yo mete règleman yo ak pwosedi yo nan manyèl sa:

- Lwa 2004 sou Edikasyon moun ki Andikape ak règleman 34 CFR 300 et seq.
- Lwa jeneral Massachusetts ch. 71, et seq. ak règleman 603 CMR 28.00 et seq.
- Atik 504 sou lwa 1973 konsènan reyabilitasyon jan sa amande
- UP pwotokòl Rezo Edikasyon yo

## **Estrikti Pèsonèl nou an**

Depatman Edikasyon Espesyal UP Academy Boston dirije pa yon dwayen Edikasyon Espesyal, yon kowòdonatè Edikasyon espesyal k ap soutni l, pwofesè edikasyon espesyal yo, moun ki bay sèvis ki relasyon yo

### **Dwayen nan domèn Edikasyon Espesyal**

Anba direksyon Direktè rezo Sipò pou elèv yo, ak direktè UP Academy, Dwayen Edikasyon Espesyal la sipèviz pwogram nan, kontwole aplikasyon règleman yo, sipò yo ak antrenè lòt manm ekip edikasyon espesyal yo, epi sipèviz kowòdonatè Edikasyon Espesyal la an konfòmite ki gen rapò ak travay. Dwayen an ap travay tou ak lòt manm ekip lidèchip UP Academy Boston pou asire yo entegre elèv ki gen andikap yo nan lekòl la epi gen menm opòtinite ak kamarad yo ki pa andikape.

### **Kowòdonatè nan domèn Edikasyon espesyal**

Kowòdonatè Edikasyon espesyal la responsab pou asire yo respekte pwogram edikasyon espesyal la ak lwa leta a ak lwa federal la nan domèn edikasyon espesyal. Kowòdonatè Edikasyon Espesyal la ap dirije reyinyon IEP yo ak evalyasyon IEP yo.

### **Pwofesè nan domèn edikasyon Espesyal**

Yo asiyen tout pwofesè edikasyon espesyal yo pou jere kantite elèv ki nan edikasyon espesyal yo epi anseye yo selon IEP yo a. Jan sa dekri nan plis detay anba a, elèv ki gen andikap yo ki nan UP Academy Boston aprann nan divès anviwònman, ki gen ladan l ko-anseye nan salklas edikasyon jeneral yo, retire ti gwoup yo, epi separe konsiderableman salklas yo. Jeneralman, pwofesè edikasyon espesyal yo anseye nan youn nan anviwònman sa yo.

### **Moun ki bay sèvis ki relasyon**

Sèvis ki relasyon yo ede elèv yo ak andikap yo benefisye edikasyon espesyal yo a, yo bay èd yo nan domèn ki gen bezwen ki pa akademik, tankou pale, deplase, epi sosyalize. Yo kolekte done sou pwogrè elèv yo epi yo fè evalyasyon fòmèl jan sa apwopriye. Ekip IEP a itilize done sa yo pou detèmine sèvis ki gen rapò yo, si genyen, timoun nan bezwen yon fason pou l pwogrese nan domèn akademik ak nan domèn sosyal oswa pou jwenn aksè nan pwogram etid la.

*Sèvis ki gen rapò yo ka enkli, men yo pa limite, nenpòt bagay sa yo :*

#### *Konsèy*

Elèv ki resevwa konsèy nan UP Academy Boston swa yo gen konsèy la ekri nan IEP yo a oswa yo te rekòmande pou sèvis yo atravè pwosesis Multi-Tiered System of Supports (MTSS), paske yon ekip te detèmine sèvis la obligatwa. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis sa a anba a. Sesyon yo ka an gwoup oswa yo poukont yo. Konsèy la nan lekòl la konsantre l sou ede elèv yo devlope abilitè sosyal-emosyonèl ki nesèsè pou ankouraje siksè akademik ak sosyal nan anviwònman lekòl la.

*Tretman pou difikilte langaj*

Tretman pou difikilte langaj yo (Speech language pathologists) (SLPs) travay ak elèv yo sou yon seri pwoblèm, ki gen ladan l reta devlopmantral, reta nan langaj ekspresiv ak reseptiv, Apraxia, bege, tretman fonolojik, twoub tretman oditif, pwoblèm atikalasyon, Otis, twoub newolojik, ADD/ADHD, twoub sosyal/reta pragmatik, lesyon selebral twomatik, ak lòt pwoblèm aprantisaj ki baze sou lang. SLP a travay ak pwofesè yo pou kolabore sou estrateji ki pèmèt elèv la jwenn aksè nan pwogram etid edikasyon jeneral la nan yon fason ki ankouraje plis pwogrè. Elèv yo ka resevwa tretman nan domèn langaj poukont yo oswa nan ti gwoup la, menm jan anndan salklas yo, nan yon ko-anseye/modèl enklizyon. SLP a ak pwofesè yo travay ansanm pou mete objektif diskou ak lang elèv la ak rezilta akademik ak pèfòmans fonksyonèl.

### *Terapi Okipasyonèl*

Lekòl ki baze sou terapi okipasyonèl ka gen ladan l abòde abilite motris, travay sou ekriti, tape, amelyore abilite pou resevwa ak pwosesis stimuli vizyèl, amelyore abilite motè vizyèl (mete motè ak pèsepsyon vizyèl ansanm sa vle di ekriti epi kopye sou tablo). Epi abòde bezwen sansoryèl yo. Elèv yo ka swa resevwa terapi okipasyonèl nan sesyon endividyèl oswa nan ti gwoup la. Atravè konsiltasyon, yon terapèst okipasyonèl ta ka sijere estrateji pou yon elèv itilize ak adaptasyon pou yon pwofesè aplike nan salklas la.

### *Terapi Fizik*

Fizyoterapi eskolè a santre l sou kapasite timoun nan pou l deplase plis posib poukont li nan lekòl la. Entèvansyon yo fèt pou pèmèt elèv la vwayaje nan tout lekòl la; patisipe nan aktivite ki nan klas la; kenbe epi chanje pozisyon yo ki nan klas la; epi amelyore abilite pou kontwole eskalye yo, twalèt yo, ak kafeterya a. Elèv yo ka swa resevwa terapi fizik nan sesyon endividyèl yo oswa nan ti gwoup la. Atravè konsiltasyon, yon terapèst fizik ta ka sijere estrateji pou yon elèv itilize ak adaptasyon pou yon pwofesè aplike nan salklas la.

### *Edikasyon fizik ki adapte (APE)*

Edikasyon fizik ki adapte ka mande pou elèv yo ki gen andikap yo lè andikap yo a gen yon gwo enpak sou patisipasyon yo nan edikasyon fizik jeneral la. APE ofri yon edikasyon fizik devlopmantral ki adapte oswa edikasyon fizik ki modifiye pwogram etid la pou reponn ak bezwen endividyèl elèv yo ki gen andikap.

## **Modèl Pwogram nou an**

Nan UP Academy Boston, nou kwè li enpòtan pou ede elèv yo jwenn aksè nan pwogram ki egzak la. N ap fè efò pou n mete chak timoun nan pwogram edikasyon jeneral la nan tout mezi posib. Nou ofri yon sèvis kontinyèl pou elèv ki gen andikap yo ki nan UP Academy Boston. Nou bay sèvis nan salklas edikasyon jeneral epi retire l nan anviwònman yo. Kèk nan elèv yo bezwen plis sèvis entansif. Yo resevwa fòmasyon akademik yo a nan youn nan twa salklas esansyèlman ki separe yo.

### **Sèvis Enklizyon**

Pwofesè ki reyisi nan edikasyon jeneral ak nan edikasyon espesyal ki bay ekselan edikasyon enklizif yo konnen edikasyon elèv ki gen andikap yo nan klas jeneral la bezwen yon efò ekip.

Chak elèv ki gen yon andikap ki pa enskri nan yon salklas esansyèlman ki separe li asiyen nan yon twoup edikasyon jeneral ak lòt elèv yo ki nan nivo klas yo a ki pa andikape. Edikatè jeneral ak edikatè espesyal yo travay ansanm pou aplike IEP a. Toude pwofesè yo responsab pou rezilta siksè elèv ki gen andikap yo. Yo kolabore pou planifye leson yo epi anseye klas yo. Edikatè jeneral yo planifye kontni leson an epi fè modifikasyon yo ak adaptasyon yo an patenarya ak edikatè espesyal la. Edikatè espesyal yo responsab pou objektif kominikasyon IEP a ak adaptasyon yo bay edikatè jeneral la. Ansanm, yo detèmine adaptasyon yo ak modifikasyon yo nan leson yo ak materyèl pou soutni bezwen aprantisaj elèv yo. Lè gen de pwofesè nan sal la pandan yon klas, pwofesè yo ka desine leson ki santrè sou elèv yo, l ap itilize estrateji tankou enstriksyon nan ti gwoup la ak ansèyman ki parallel.

### **Rekiperasyon sèvis yo**

Pou rekiperasyon sèvis yo, nan peryòd sèvis elèv la pwograme, pwofesè edikasyon espesyal la ap travay ak elèv la nan yon domèn ki separe, oswa nan yon ti gwoup ki nan salklas la. Yo byen prepare tan pou rekiperasyon enstriksyon pou adapte nan dewoulman leson an epi asire elèv yo resevwa sèvis yo lè sèvis yo pral gen plis avantaj pou yo.

### **Salklas esansyèlman ki separe**

Pwofesè ki nan salklas esansyèlman ki separe nan UP Academy Boston kolabore ak pwofesè edikasyon jeneral yo pou devlope leson yo ki solid ki baze sou nòm yo. Pwofesè ki nan salklas esansyèlman ki separe yo aliyen ak pwogram etid elèv yo ki gen gwo twoub ki pase evalyasyon yo ranplase a ak pwogram etid lòt elèv yo ki nan nivo klas yo a. Nan salklas esansyèlman ki separe yo, ka gen elèv ki kontinye ap suiv tradisyon MCAS epi ki responsab pou metrize estanda nivo klas yo. Pwofesè yo pral asire yo elèv sa yo jwenn aksè a kontni ki apwopriye nan nivo klas la. Pwofesè yo pral itilize "pwèn antrè yo", rezilta akademik lan sijere ki aliyen ak chak nòm aprantisaj nivo klas la, pou prepare pwogram ansèyman an. Pwèn antrè yo espere yo enferyè a nivo klas la nan diferan nivo kompleksite, difikilte, ak sofistikasyon. Yo atann pou elèv yo metrize yon abilite nan nivo kompleksite ki pi difisil li kapab la kòm l ap pwogrese pou l metrize nòm nivo klas la. Ekip IEP yo ka detèmine tou kèk elèv nan salklas sa yo ta gen pou pase yon pati nan jounen yo a nan anviwònman enklizyon an. Nan sitiasyon sa yo, elèv yo pase nan salklas esansyèlman ki separe a nan salklas fòmasyon jeneral la pandan yon tan predetèmine, pa semèn, nan sijè ki espesifik.

### **Egzijans konsènan gwoupman pedagogik yo**

UP Academy kenbe rapò espesifik elèv-a-pwofesè pou gwoup edikasyon espesyal yo, dapre règleman Massachusetts yo.

#### *Rekiperasyon Gwoup yo*

Rekiperasyon ti gwoup yo sèlman gen elèv ki gen andikap epi yo anseye pa pwofesè edikasyon espesyal ki gen lisans. Lè elèv edikasyon espesyal yo asiyen nan gwoup ansèyman ki deyò salklas edikasyon jeneral la pou 60% oswa mwens nan orè lekòl elèv la, gwosè gwoup la pa depase sa ki annapre yo:

- 8 elèv ki gen yon edikatè espesyal ki sètifye, oswa
- 12 elèv si edikatè espesyal ki sètifye pou 1 asistan/pwofesè ki rezide, oswa
- 16 elèv si edikatè espesyal ki sètifye pou 2 asistan/ pwofesè ki rezide

### *Konsiderableman Separe*

Gwosè salklas yo konsiderableman separe yo pa depase sa ki annapre yo:

- 8 elèv pou yon edikatè espesyal ki sètifye, oswa
- 12 elèv pou 1 edikatè espesyal ki sètifye ak 1 asistan/pwofesè rezidan.

*Ogmante gwosè ti gwoup rekiperasyon yo ak salklas esansyèlman ki separe yo*

Aprè ane lekòl la te kòmanse, UP Academy ak rezo a ta ka deside ogmante gwosè ti gwoup salklas esansyèlman ki separe yo. Si gwoup ansèyman yo te deja rive nan gwosè maksimòm nan, yo ka mete plis pase de elèv, a kondisyon yo gen menm bezwen akademik a elèv ki deja nan gwoup la. Nan sitiyasyon sa, Direktè Rezo pou soutni elèv yo pral bay notifikasyon ki ekri a DESE a ak paran yo/gadyen yo ki nan tout manm gwoup yo. Eksepsyon sa a nan kondisyon gwosè gwoup yo, sèlman yo pral an aksyon pou ane akademik aktyèl la.

*Egzijans laj pou gwoup ansèyman yo*

Laj elèv ki pi piti yo ak elèv ki pi gran yo nan nenpòt gwoup ansèyman pa dwe diferan plis pase 48 mwa.

## **Pwosesis Idantifikasyon ak Evalyasyon**

### **Idantifye Enkyetid yo**

Si yon timoun nan edikasyon jeneral la pa pwogrese menm jan ak lòt timoun yo, oswa li gen yon konpòtman ki preokipe moun, UP Academy Boston ap fè efò pou l konnen poukisa epi reponn ak bezwen elèv la pi vit posib. Sa kòmanse souvan lè yon paran oswa yon paran sòlve yon enkyetid. Premye etap la se fè yon deba ant paran, pwofesè, ak lòt pèsonèl enpòtan nan lekòl la. Patisipan yo ka fè konnen enkyetid yo, pale sou pèfòmans elèv yo, epi diskite sou estrateji ki ka itilize pou soutni aprantisaj elèv la.

### **Ede elèv yo nan Edikasyon Jeneral**

UP Academy Boston travay di pou soutni otan elèv posib nan edikasyon jeneral la. UP Academy Boston ofri yon sipò kontinyèl, ak yon objektif pou evite referans ki pa nesesè, pou edikasyon espesyal la. UP Academy Boston itilize yon plan adaptasyon pwogram distri (District Curriculum Accommodation Plan) (DCAP) pou ede elèv yo fè estrateji yo ki pral pèmèt yo reyisi.

Gras a DCAP ak yon pwosesis ki solid Multi-Tiered System of Supports (MTSS), UP Academy itilize yon sistèm prevansyon ki gen plizyè nivo pou maksimize siksè elèv la epi diminye pwoblèm konpòtman an. UP Academy Boston itilize done pou idantifye elèv ki gen risk yo, ki gen move rezilta nan aprantisaj la, kontwole pwogrè elèv yo, fè entèvansyon ki baze sou prèv epi ajiste entansite a ak nati entèvansyon sa yo selon reyaksyon yon elèv. Nan sistèm sa, gen yon pwogresyon sipò sou twa nivo: kategori 1, kategori 2, ak kategori 3. Toutpandan elèv yo ap avanse gras a nivo espesifik prevansyon an, pwogram enstriksyon an vin pi entansif epi l plis endividyalize pou vize domèn espesifik yo nan aprantisaj la oswa bezwen konpòtmantal yo. Yo aplike kategori 1 nan pwogram lan ki deja bati nan orè UP Academy Boston ki diferansye bezwen endividyèl chak elèv. Yo aplike kategori 2 pa twoup pwofesè yo pou elèv yo idantifye

ki bezwen plis èd. Si sa nesesè, twoup pwofesè yo ka refere elèv yo pou entèkansyon kategori 3 yo. Entèkansyon sa yo pi endividalize epi yo pi entansif.

### **Referans Edikasyon espesyal**

Pou sityasyon kote pwosesis MTSS la pa bay amelyorasyon y ap tann lan oswa lè done yo sijere yon andikap nan domèn edikasyon, ekip MTSS la refere yon elèv pou yon evalyasyon fòmèl pou detèmine si li gen yon andikap ki afekte aksè l nan pwogram edikasyon jeneral la epi l kalifye pou edikasyon espesyal.

Manm fakilte yo, paran yo, oswa lòt moun ki gen kapasite pou pran swen yo yo ka kòmanse yon referans pou evalyasyon an tou pou kontakte dwayen Edikasyon Espesyal la oswa kowòdonatè Edikasyon Espesyal. Yon fwa yon moun kòmanse yon rekòmandasyon, oralman oswa alekri, UP Academy Boston gen senk jou (5) lekòl pou avize paran yo sou rekòmandasyon an epi ba yo fòm konsantman evalyasyon an

## **Evalyasyon yo**

Pou detèmine si gen yon elèv ki kalifye pou edikasyon espesyal la, UP Academy Boston fè yon evalyasyon konplè nan tout domèn yo sispèk ki gen andikap. UP Academy Boston fè re-evalyasyon tou pou elèv ki nan edikasyon espesyal chak twa ane (oswa pi bonè si ekip la detèmine l) pou detèmine kalifikasyon kontinyèl.

Lekòl la pral voye lakay la yon fòmilè konsantman k ap eksplike rezon evalyasyon yo pwopoze a ak domèn yo pral teste yo. Tès la pap fèt amwenske epi jiskaske paran an/gadyen an siyen fòmilè konsantman an.

Domèn kote yo ta ka evalye elèv la nan lis anba a. Domèn kote elèv la gen difikilte yo pral detèmine ki evalyasyon ki apwopriye

Evalyasyon an pral gen ladan l evalyasyon obligatwa sa yo :

- Evalyasyon nan tout domèn yo sispèk ki gen rapò ak andikap;
- Yon evalyasyon edikasyonèl;
- Yon istwa sou pwogrè nan domèn edikasyon elèv la ki nan pwogram jeneral la;
- Yon deskripsyon istwa elèv la nan domèn edikasyon/estati devlopman an; ak
- Yon obsèvasyon nan salklas la.

Evalyasyon an ka gen ladan l tou kèk oswa tout evalyasyon opsyonèl sa yo :

- Evalyasyon Espesyalis (yo) – lapawòl/langaj, Terapi Okipasyonèl, Terapi fizik, evalyasyon sou konpòtman fonksyonèl (ak lòt yo);
- Evalyasyon Sikolojik
- Evalyasyon Akademik;
- Evalyasyon Lakay; ak
- Evalyasyon Sante

Resi fòmilè konsantman ki siyen an ankouraje pou mete yon limit obligatwa sou règleman federal la ak règleman leta yo. Yo dwe konplete etap yo nan 45 jou lekòl pou resevwa konsantman ki siyen yo dekrè nan plis detay ki anba a.

Anvan peryòd 45 jou lekòl la fini, lekòl la dwe:

- Fè tès la;
- Prepare rapò yo alekri
- Fè yon reyinyon ak paran/gadyen elèv yo, pwofesè yo, ak moun ki te fè evalyasyon yo. Nan reyinyon sa a ekip ekip la pral detèmine si elèv la (1) gen yon andikap, (2) si l ap fè pwogrè nan lekòl la, (3) li pap fè pwogrè akoz andikap la, e (4) li bezwen sèvis espesyalize pou fè pwogrè; epi
- Si repons tout kesyon ki anlè yo se “WI,” elèv la pral kalifye pou edikasyon espesyal epi ekip la pral ekri yon Plan Edikasyon Endividyalize (Individualized Education Plan) (IEP).

## **Kreyasyon IEP ak Rekòmandasyon Plasman**

### **Jeneral**

Yon fwa yo jwenn yon timoun ki kalifye, epi omwen chak ane apre sa, ekip la dwe devlope yon IEP. Evalyasyon done yo gide ekip la ak pèfòmans aktyèl salklas la pou devlope objektif yo ak referans yo epi rekòmande nivo sèvis yo. IEP a ede edikatè yo ak paran yo konprann elèv la epi pi bon fason pou travay ak elèv sa a. IEP a ta dwe dekri fason elèv la aprann, fason elèv la pi byen demontre aprantisaj sa, ak fason direktè lekòl la ak elèv la pral travay ansanm pou ede elèv la aprann pi byen. Li dwe adapte ak bezwen endividyèl elèv la jan pwosesis evalyasyon an detèmine l.

IEP a sèvi kòm yon kontra ant elèv la ak paran an (yo). Li ta dwe reflekte desizyon ki te pran nan reyinyon ekip la ki fè konnen akèl a paran yo bezwen timoun yo a, etap lekòl la pral pran pou abòde bezwen sa yo ak pwogrè yo atann pou timoun yo a fè pandan peryòd IEP a.

### **Konpozisyon ekip**

Wòl sa yo dwe ranpli nan reyinyon ekip la:

- Paran/gadyen elèv la (yo);
- Elèv la, lè l apwopriye;
- Pa mwens pase yon pwofesè edikasyon jeneral (si timoun nan patisipe, oswa li ka patisipe nan edikasyon ki regilye a);
- Pa mwens pase yon pwofesè edikasyon espesyal;
- Moun ki bay sèvis yo ki gen rapò ak sèvis yo bay elèv la oswa moun ki evalye elèv la; ak
- Yon reprezantan lekòl la ki pral fasilite reyinyon an epi gide ekip la nan pran desizyon yo.
- Yon reprezantan Ajans Edikasyon Lekòl la (LEA) ki gen otorite pou plase resous yo. Nan kèk ka sa se kowòdinatè Edikasyon Espesyal la;
- Yon moun ki ka entèprete rezilta evalyasyon yo; ak
- Nan diskresyon paran an oswa ajans lan, lòt moun ki konnen elèv la.

### **FAPE ak LRE**

De konsèp prensipal – FAPE ak LRE – kad pwosesis la.



- *Edikasyon Apwopriye Gratis (FAPE):* Yon elèv ki kalifye pou sèvis edikasyon espesyal gen dwa dapre lwa federal la pou resevwa yon Edikasyon Piblik ki Apwopriye (FAPE). FAPE asire tout elèv yo ki gen andikap resevwa yon edikasyon piblik ki apwopriye san frè pou fanmi an. FAPE diferan pou chak elèv paske chak elèv gen bezwen inik. FAPE presize sèvis ki nesèsè yo e yo dwe bay yo san yo pa koute fanmi anyen. FAPE vle di tou elèv k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal yo gen aksè ak gwo pwogrè nan pwogram jeneral la (sa vle di menm pwogram ak elèv ki pa andikape yo) e yo gen dwa patisipe konplètman nan aktivite lekòl la. Elèv la pa sèlman gen dwa pou l jwenn aksè nan pòsyon akademik lekòl la, men tou pou patisipe nan aktivite ki deyò lekòl la ak lòt aktivite lekòl la patwone. Patisipasyon konplè vle di elèv ki gen andikap yo gen dwa jwenn èd ak sèvis ki nesèsè pou ede yo patisipe nan tout domèn ki nan aktivite lekòl la
- *Anviwònman ki gen mwens restriksyon (LRE):* Lwa federal la mande pou elèv ki gen andikap yo pran fòmasyon ak konpayon yo ki pa gen andikap nan limit maksimòm ki apwopriye an fonksyon bezwen elèv la. Ekip la (ki gen ladan l paran) detèmine plasman elèv la bezwen pou bay sèvis sou IEP elèv la epi ekip la dwe chwazi anviwònman ki gen mwens restriksyon ki ka bay sèvis sa yo. Sa vle di elèv la dwe ale nan lekòl la nan lekòl li t ap asiste a si pa gen andikap, amwenske ekip la detèmine kalite andikap elèv la pa pral pèmèt elèv sa reyisi nan domèn edikasyon

### **Planifikasyon Tranzisyon**

Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape yo (IDEA) egzije pou planifikasyon tranzisyon an fè pati Pwogram Edikasyon Endividyèl la (IEP). Yon fason pou elèv yo ki gen andikap yo reyalize yon tranzisyon ki reyisi nan aktivite granmoun yo ki nan lekòl segondè a, li enpòtan pou pwosesis sa kòmanse bonè. A pati laj 14 an pi ta, ekip la dwe konsidere bezwen elèv la pou sèvis tranzisyon epi fè dokiman deba yo lè l devlope yon IEP. Lekòl la asire yo envite elèv la, epi ankouraje l asiste, yon pati oswa tout reyinyon ekip yo kote yo diskite tranzisyon sèvis yo oswa yo pwopoze yo. Planifikasyon tranzisyon ki efikas baze sou objektif ak vizyon elèv la. IDEA egzije sa, a pati 14 an, planifikasyon pou tranzisyon aktivite granmoun dwe fè pati IEP a. Yo dwe envite elèv la pou l asiste reyinyon ekip yo. Pou elèv ki ka resevwa sèvis nan men yon granmoun, ajan sèvis yo, reyinyon ekip la ta dwe envite reprezantan ajans sa yo lè y ap fè deba sou tranzisyon an. Lè elèv la gen 16 an, deba ekip vizyon an ta dwe gen ladan l yon deklarasyon vizyon apre lekòl ki fèt pou reflete enterè endividyèl, preferans yo, ak bezwen pitit ou a nan aktivite granmoun yo. Planifikasyon ak sèvis tranzisyon yo ta dwe reflete nan seksyon lòt bezwen nan domèn edikasyon ki nan IEP a epi l ka gen ladan l preparasyon pou edikasyon apre lekòl segondè a, fòmasyon pwofesyonèl, travay, ak lavi endepandan. Ekip la dwe konsidere bezwen elèv la pou sèvis tranzisyon epi dokimante deba a lè y ap devlope yon IEP elèv ki kalifye. Yo pral dokimante deba a nan Fòmilè Planifikasyon Tranzisyon an (TPF) epi yo dwe konsève fòmilè sa avèk IEP a. Planifikasyon tranzisyon an gen ladan l, men l pa limite, gade opsyon kolèj la, opsyon travay, gade plis opòtinite nan domèn edikasyon, epi konekte ak ajans sèvis pou granmoun ki bay sèvis pou moun apre IEP a.

### **Plasman**

Kòm ekip la ap pale sou plasman, yo pral chwazi anviwònman ki gen mwens restriksyon paske l koresponn ak bezwen elèv la. Nan limit ki posib, yo pral edike elèv ki gen andikap yo ak konpayon yo ki pa andikape. Ekip la dwe konsidere anviwònman ki nan distri a jan yo gen rapò ak bezwen elèv la. Anviwònman sa yo gen ladan l, salklas edikasyon jeneral, yon sant

aprantisaj elèv la /sal resous oswa salklas ki separe. Si yo pa ka satisfè bezwen yon elèv nan lekòl piblik la, yo ka fè yon plasman ki pa nan distri a.

## **Aplikasyon IEP ak konfòmite kontinyèl**

### **Aplikasyon IEP a**

Lè paran/gadyen elèv sa aksepte IEP a an antye, oswa an pati, UP Academy Boston pral bay sèvis yo dakò yo an retou san pèdi tan.

Kowòdinatè Espesyal la pral asire:

- Chak pwofesè ak moun yo dekri nan IEP a, li enfòme responsablite espesifik yo (ki gen rapò ak aplikasyon IEP elèv la ak adaptasyon espesifik yo, modifikasyon yo, ak sipò yo ak èd yo dwe bay elèv la nan kad pwogram sa);
- Pa gen yon reta nan aplikasyon IEP a akòz mank espas oswa pèsònèl
- Sèvis akademik IEP a ak sèvis yo bay ki relasyon ak fidelite epi yo annakò ak IEP a; ak
- Gwosè gwoup enstriksyon an ak egzijans konsènan ranje laj yo konfòm ak lwa federal la ak lwa eta a, yo pibliye rapò omwens yon fwa pa trimès.

### **Rapò sou pwogrè**

Paran elèv ki nan edikasyon espesyal yo resevwa rapò sou pwogrè ki eksplike pwogrè l nan reyinyon l/ objektif IEP yo epi si l gen chans reyalize objektif sa yo nan fen peryòd IEP a. Lekòl la dwe voye rapò ekri sa yo omwen osi souvan yo enfòme paran yo sou tout pwogrè elèv la nan pwogram etid jeneral la. Sa souvan fèt chak peryòd regilye nan moman yo voye kanè yo lakay.

### **Modifikasyon yo**

Ant reyinyon IEP anyèl yo, distri a ak paran yo ka dakò pou fè chanjman nan yon IEP elèv, yo dokimante pa ekri, san fè yon reyinyon ekip. Sa rele yon modifikasyon nan IEP a. Ou ka mande yon modifikasyon si yon elèv pa fè ase pwogrè pou reyalize objektif li yo, oswa si yo pa twouve adaptasyon yo ak modifikasyon ki itil oswa l sifi nan pwogrè elèv la ki nan pwogram lekòl la.

## **Rezolisyon Konfli**

Paran oswa gadyen yon elèv gen posiblite pou konteste yon evalyasyon, IEP, oswa plasman. Gen yon opsyon ki disponib pou rezoud diferans sa yo

Pwoblèm sa yo souvan rezoud nan ekip lekòl la. Moun ki gen kesyon oswa enkyetid ta dwe kontakte moun k ap jere ka elèv la oswa kowòdinatè Edikasyon Espesyal la. Sepandan, gen lòt opsyon ki disponib atravè Biwo Apèl Edikasyon Espesyal la (BSEA). BSEA se yon kò eta a ki fè medyasyon, bay opinion konsiltatif, epi fè odyans pou rezoud konfli ant paran/gadyen, distri lekòlyo, lekòl prive yo, ak ajans leta konsènan kalifikasyon, evalyasyon, plasman, IEP yo, sèvis edikasyon espesyal, ak pwoteksyon pwosedi pou elèv ki gen andikap yo.

- Medyasyon – Medyasyon se yon pwosesis rezolisyon dispit volontè epi ki konfidansyèl ki disponib gratis nan BSEA. Swa pèsònèl lekòl la oswa paran/gadyen ka mande medyasyon. Nan trant jou (30) jou apre yon demann, medyatè a pral planifye yon sesyon medyasyon. Medyatè BSEA san patipri li ede lekòl yo ak paran yo klarifye pwoblèm yo, diskite sou opsyon yo, epi kolabore pou rezoud kèk oswa tout pwoblèm yo. Medyatè a pral travay ansanm ak ekip IEP a pou dokimante akò a alekri. Tout diskisyon yo pandan medyasyon an konfidansyèl epi yo pa ka itilize kòm prèv nan yon odyans.
- Pwosesis Odyans ki Konvnan BSEA – Yon paran oswa lekòl la ka mande yon odyans nan nenpòt lè sou kèk pwoblèm konsènan kalifikasyon, evalyasyon, plasman, oswa sèvis yo bay. Demann lan dwe fèt alekri. Nan senk (5) jou apre l fin resevwa yon demann odyans, BSEA pral fè konnen konsène yo sou randevou yon ofisye epi l pral fikse yon dat odyans. Desizyon ofisye odyans BSEA a dwe aplike imedyatman. Li ka fè apèl nan yon tribinal ki gen jiridiksyon ki konpetan.

## **Tès Eta a**

Sistèm Evalyasyon Jeneral Massachusetts (The Massachusetts Comprehensive Assessment System) (MCAS) se pwogram evalyasyon nan tout eta a pou elèv ki edike avèk lajan piblik yo. Tout elèv pran l chak ane, elèv ki gen andikap yo enkli. Ekip IEP a ap deziyen kijan chak elèv pral patisipe epi, si l nesèsè bay yon lòt evalyasyon. Elèv ki gen gwo andikap, ki pa ka pran tès estanda MCAS la, menm ak adaptasyon yo, yo dwe pran MCAS la, Ranplase Evalyasyon an (MCAS-Alt) Adaptasyon yo itilize sou MCAS la yo dwe youn nan woutin elèv la itilize e l dwe youn yo mande yon fason pou elèv la patisipe nan tout tès eta a.

## **Seksyon 504 nan Lwa Reyabilitasyon an**

Seksyon 504 nan lwa sou ameriken ki andikape yo se yon lwa sou dwa sivil ki entèdi diskriminasyon kont moun ki andikape. Seksyon 504 asire yon elèv ki andikape gen menm aksè a yon edikasyon. Pou elèv ki andikape yo ki pa bezwen enstriksyon ki fèt espesyalman pou sa men ki bezwen asirans yo jwenn menm aksè nan edikasyon piblik la, yon dokiman ki rele Plan 504 yo fè l pou esplike aksè espesifik yo. Yon plan 504 bay lis adaptasyon ki gen rapò ak andikap timoun nan epi l mande pou l patisipe nan salklas jeneral la. Paran/gadyen oswa yon pwofesyonèl nan sistèm lekòl la yo ka kòmanse referans pou detèminasyon kalifikasyon seksyon 504 la. Lekòl la dwe jwenn konsantman ekri nan men paran yo/gadyen yo anvan yo ka kòmanse yon evalyasyon.

Kèk egzanp sou deteryorasyon ak andikap ki ka kalifye 504 la gen ladan l, men yo pa limite, dyabèt, epilepsi, alèji, vizyon ki fèb, pa tande byen, kondisyon sante kwonik, twoub defisitè atansyon ipèaktiv (attention deficit hyperactive disorder) (ADHD), maladi transmisib yo, pwoblèm nan san, kèk pwoblèm sante mantal, obesite, domaj nesans, ak opresyon.

## **kalifikasyon**

Yon fason pou jwenn kalifikasyon pou yon plan 504, ekip la dwe reponn "wi" a kesyon sa yo:

1. Èske elèv la kalifye kòm yon moun ki gen yon andikap dapre seksyon 504 la? Èske yon pwofesyonèl nan domèn edikasyon, medikal ak/oswa sante mantal ki gen lisans ki apwopriye pou dokimante andikap elèv la.
2. Èske andikap la an grann pati limite youn oswa plis aktivite enpòtan nan lavi l oswa gwo limit nan fonksyon kòporèl yo?
3. Èske sèvis yo oswa adaptasyon yo nesèsè pou bay elèv FAPE? Èske elèv la bezwen adaptasyon yo ak/oswa sèvis pou reponn ak bezwen edikasyon endividyèl li osi byen apwopriye ak elèv ki pa gen andikap pou reponn ak bezwen yo a?

Lè y ap detèmine ki adaptasyon ak/oswa sèvis ki nesèsè pou bay FAPE, distri a pa ta dwe konsidere diminisyon enpak la (pa egzanp, medikaman, asistans nan domèn teknoloji, ak/oswa pwotèz, elatriye).

Yon andikap tanporè ka bay 504 kalifikasyon pou elèv yo si andikap la limite yon aktivite enpòtan nan lavi l.

## **Disiplin Elèv ki Andikape yo**

### **Elèv yo idantifye ki gen yon Andikap**

IDEA ak règleman ki asosye yo bay elèv ki kalifye yo kèk dwa pwosedi ak pwoteksyon nan kontèks disiplin elèv la. An jeneral, elèv ki gen andikap yo ka sispann lekòl la, menm jan ak elèv ki pa gen andikap yo ka fè, pou yon maksimòm dis (10) jou lekòl pa ane. Si yo sispann yon elèv pou dis (10) jou oswa plis, lekòl yo dwe bay sèvis nan domèn edikasyon ki kalifye kòm FAPE. Pou elèv ki gen andikap yo, sa gen ladan l sèvis edikasyon espesyal ak kèk sèvis ki relasyone.

Yon fwa yo sispann yon elèv ki gen andikap pou dis (10) jou youn apre lòt oswa plis jou nan yon ane lekòl, li konsidere sa kòm yon chanjman plasman. Anvan yo retire nenpòt disiplin pou yon elèv ki andikape ki gen yon chanjman nan plasman an, lekòl la dwe detèmine si konpòtman an se baz pou yo retire disiplin elèv la ki lye ak andikap li a. Yo rele sa yon "detèminasyon manifestasyon."

### **Elèv yo potko idantifye ki gen yon andikap**

Si, anvan aksyon disiplinè a, lekòl la te konnen elèv la ka yon elèv ki gen yon andikap, lekòl la dwe mete tout prekosyon disponib pou elèv la jiskaske e amwenske yo detèmine elèv la pa kalifye. Lekòl la ka konsidere yo gen konesans anvan si nenpòt nan bagay sa yo se vre:

- Paran/gadyen an eksprime enkyetid li alekri;
- Paran/gadyen an mande yon evalyasyon; oswa
- Direktè distri a eksprime l dirèkteman a direktè edikasyon espesyal la oswa ak lòt pèsonèl nan kad preokipasyon espesifik konsènan yon modèl konpòtman elèv la demontre.

Lekòl la pa dwe konsidere yo te konnen alavans si paran/gadyen an pa t dakò ak evalyasyon

elèv la oswa si l te refize sèvis edikasyon espesyal, oswa si yon evalyasyon elèv la te lakòz yon detèminasyon kote l pa kalifye.

Si lekòl la pa gen okenn rezon pou konsidere elèv la andikape, epi paran/gadyen an mande yon evalyasyon apre aksyon disiplinè a, kowòdonatè edikasyon espesyal la pran etap yo pou fè yon evalyasyon rapid pou detèmine kalifikasyon an. Si yo wè elèv kalifye, li resevwa tout pwoteksyon pwosedi a apre rezilta kalifikasyon an.

### **Kòmansman Detèminasyon an**

Yon revizyon sou kòmansman Detèminasyon an (MDR) se yon pwosesis pou detèmine si konpòtman yon elèv te oswa pa t yon kòmansman nan andikap elèv la. Sa vle di manm ki enpòtan nan ekip IEP elèv la pral rankontre pou pale sou de kesyon sa yo:

- Èske se konduit la ki lakoz, oswa èske li te gen yon gwo relasyon dirèk a andikap elèv la?
- Èske konduit la se rezilta dirèk nan echèk lekòl la nan aplike IEP elèv la?

Si repons lan se youn oswa de nan kesyon sa yo se "WI," konsa konduit la se kòmansman andikap elèv la. Nan ka sa, lekòl la pa ka sispann elèv la epi elèv la dwe retounen nan plasman l amwenske paran/gadyen ak lekòl la dakò pou chanje plasman an oswa sikonstans espesyal ki egziste. Si konduit la se akòz echèk nan aplike yon IEP, distri a dwe rezoud diferans sa yo. Nan nenpòt ka, lekòl la dwe fè yon evalyasyon/mete ajou konpòtman fonksyonèl la (FBA) epi aplike oswa modifiye yon plan entèvansyon nan konpòtman (BIP).

Si repons de kesyon sa yo se "non," sa vle di konpòtman an se pa yon kòmansman nan andikap elèv la. Yo ka disipline elèv la nan menm fason an ak menm dire ak yon elèv ki pa andikape. Elèv la retounen nan plasman anvan an apre disiplin lan. Lè yo retire plasman ki la kounye a, yon elèv gen dwa FAPE pou pèmèt patisipasyon nan pwogram edikasyon jeneral la ak pwogrè nan atenn objektif ki tabli nan IEP elèv la. Dwa sa egziste menm si yo mete elèv la nan yon kote ki diferan. Lè yo retire l, lekòl la dwe bay sèvis jan sa apwopriye, yon FBA, yon BIP, ak modifikasyon yo, li fèt pou abòde konpòtman an pou l pa repete.

### **Sikonstans Espesyal yo**

Sikonstans espesyal ki egziste lè gen yon ensidan nan lekòl la oswa yon fonksyon lekòl la enplike:

- Posesyon zam;
- Posesyon oswa itilizasyon dwòg ilegal; oswa
- Blese ki grav nan kò yon lòt moun.

Lè gen sikonstans espesyal, lekòl la ka deplase yon elèv nan yon Lòt Anviwònman Edikasyon Pwovizwa (Interim Alternative Education Setting) (IAES) pou 45 jou san yo pa konsidere si yo detèmine konpòtman an kòm yon kòmansman andikap elèv la. Ekip la detèmine IAES.

### **Dwa pou fè Apèl**

- Yon elèv oswa yon lekòl ka fè apèl kont rezilta yon kòmansman detèminasyon.
- Lekòl la ka fè apèl sèlman si l kwè nan kenbe plasman aktyèl la, gen anpil chans pou lakòz aksidan timoun nan oswa lòt moun.
- Apèl nan BSEA. Jan sa dekri pi bonè nan manyèl sa a, BSEA ofri toude, medyasyon ak pwosesis odyans lan.

## Enfòmasyon pou Kontakte

Rashidah Lawson  
Direktè  
UP Academy Boston

Ashley Fogarty  
Direktè sipò pou elèv yo  
UP Education Network

Emily Benak  
Dwayen nan domèn Edikasyon Espesyal  
UP Academy Boston

Rachel Rosen  
Responsab Konfòmite SpEd  
UP Education Network

Tanya Linehan  
Kowòdonatè nan domèn Edikasyon  
Espesyal  
UP Academy Boston

215 Dorchester Street  
Boston, MA 02127  
(617) 635-8819

90 Canal Street, Suite 600  
Boston, 02114  
(617) 307-5960